

12 septanm

Bondye pran pale, li di : se mwen menm Senyè a, Bondye nou an, ki te fè nou soti nan peyi Lejip kote nou te esklav la. Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm sèlman. Egzòd 20. 1-3

Bondye lòt nasyon yo pa anyen, se pòtrè yo ye. Men, se Senyè a ki fè syèl la. Sòm 96. 5

Pawòl 1 : Piga nou gen lòt bondye

Pèp Bondye a te nan esklavaj nan peyi Lejip anba opresyon Farawon. Kòm esklav, yo te fè yo pase anpil mizè, yo te gen rayisman nan kè yo epi yo te kraze nèt ak dekrè Farawon an ki te mande pou touye tout pitit gason ki fèt. Bondye te wè lapenn yo devan sitiyasyon san solisyon sa, epi li parèt pou vin delivre yo ak mirak ekstrawòdinè. Li te pwoteje yo ak bonte jis lè yo te fin libere nèt : moun ki t ap fè yo pase mizè yo te anglouti nan lanmè wouj la (Egzòd 14).

Touswit apre, pèp sa a t ap chante delivrans li epi adore Bondye sa ki te sove yo (Egzòd 15).

E premye pawòl la gen pou wè ak adorasyon ke nou dwe bay Bondye sèlman : “Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm sèlman”. Poukisa li te oblije presize sa ? Bondye san parèy sa ki sot delivre yo ak pisans èske li pa t apral kenbe kè chak moun sa yo li sot sove a ?

Okontrè. Nan moman kote Bondye t ap bay Moyiz kòmandman sa yo sou mòn nan, anba, nan plenn nan, pèp la t ap fabrike yon zidòl, yon ti bèf annò, imaj yon bondye eji-psyen, pou yo te adore !

Pou nou menm jodi a, senbòl sa senp. Lejip, se lemonn k ap fè nou pase mizè ak kè di yo, k ap sedwi nou ak konvwa-tiz li yo, ki mare nou ak zidòl li yo, ki ap detwi nou ak adiksyon li yo. Farawon an, se djab la, prens monn sa.

Bondye fè entèvansyon l pou li vin louvri chemen delivrans, ki pi mèvèye pase sa ki te anvan, sèlman grasa lafwa nan Jezi Kris. Si ou angaje tèt ou, si Jezi te sove ou, kisa w ap “adore” jodi a, kilès ki Bondye ou ?

12 septembre

Et Dieu prononça toutes ces paroles, disant : Je suis l'Éternel, ton Dieu, qui t'ai fait sortir du pays d'Égypte, de la maison de servitude. Tu n'auras pas d'autres dieux devant ma face. Exode 20. 1-3

Car tous les dieux des peuples sont des idoles, mais l'Éternel a fait les cieux. Psaume 96. 5

Parole 1 : Tu n'auras pas d'autres dieux

Le peuple de Dieu avait été captif en Égypte sous l'oppression du Pharaon. Esclaves exploités avec dureté, ils étaient pleins d'amertume et meurtris par le décret du Pharaon ordonnant de tuer dès leur naissance tous leurs garçons. Dieu voyait leur détresse face à cette situation sans issue, et il est intervenu pour les délivrer par des miracles extraordinaires. Avec bonté il les a protégés jusqu'à leur libération complète : leurs oppresseurs ont été engloutis dans la mer Rouge (Exode 14).

Immédiatement après, ce peuple chante sa délivrance et adore ce Dieu qui l'a sauvé (Exode 15).

Et la première parole concerne l'adoration exclusive due à Dieu : "Tu n'auras pas d'autres dieux devant ma face". Pourquoi devait-il le préciser ? Ce Dieu unique qui venait de les délivrer avec puissance n'allait-il pas captiver le cœur de chacun de ceux qu'il avait sauvés ?

Bien au contraire. Au moment où Dieu donnait ses commandements à Moïse sur la montagne, en bas, dans la plaine, le peuple façonnait une idole, un veau d'or, image d'un dieu égyptien, pour l'adorer !

Pour nous aujourd'hui le symbolisme est simple. L'Égypte, c'est le monde qui nous oppresse par sa dureté, nous séduit par ses convoitises, nous lie par ses idoles, nous détruit par ses addictions. Le Pharaon, c'est le diable, le prince de ce monde.

Dieu est intervenu pour nous ouvrir un chemin de délivrance, bien plus merveilleux encore que celui d'autrefois, simplement par la foi en Jésus Christ. Si tu t'y es engagé, si Jésus t'a sauvé, aujourd'hui qu'est-ce que tu "adores", qui est ton Dieu ?